

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar rupa-rupa hal nu pakait jeung prosedur panalungtikan, nya éta (1) data jeung sumber data, (2) rarancang panalungtikan nu eusina kumahan galur panalungtikan dilumangsungkeun, (3) metode panalungtikan, nu ngabahas pamarekan jeung cara-cara panalungtikan, (4) wangenan operasional, nu méré watesan jeung kajelasan tehnik istilah-istilah nu dipaké dina panalungtikan, (5) instrumen panalungtikan, ngajelaskeun pakakas panalungtikan nu dipaké ngumpulkeun data, (6) téhnik ngumpulkeun data, ngajelaskeun tehnik jeung prosedur ngumpulkeun data, jeung (7) nganalisis data, nu eusina ngeunaan panta-panta analisis data numutkeun prosedur nu tangtu.

3.1. Data jeung Sumber Data

Ieu panalungtikan medar paribasa Sunda minangka sumber data utama pikeun meunangkeun data-data panalungtikan nu wangunna mangrupa ajén-inajén kaislamatan jeung ajén-inajén atikan karakter .

Pikeun meunangkeun data-data kasebut dipilih sababaraha sumber data tinulis nu mangrupa buku-buku kumpulan paribasa Sunda. Dipilihna sumber data tinulis ku tinimbangan: *kahiji*, leuwih gampang ngumpulkeun sampel data tina sumber nu dianggap kawilang heubeul gumelarna nepi ka nu panganyarna, jeung *kaduana* sumber tinulis dianggap leuwih standar/konstan batan ragam lisan nu miboga sipat gampang ngalaman parobahan atawa loba béda *versi* (rédaksi) di masarakat pamakéna.

Sababaraha buku paribasa Sunda dipilih dumasar taun medalna kalayan dianggap bisa ngawakilan tiap jamanna (ukuran dekadeu), di antarana:


- (1) *700 Paribasa Sunda* (Gandasudirja, 1970);
- (2) *Kumpulan Babasan jeung Paribasa* (Djajawiguna & Kadarisman, 1983);
- (3) *Kamus Peribahasa Sunda-Indonesia* (Sumantri, 1988);
- (4) *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* (Tamsyah, 1998); jeung

(5) Babasan jeung Paribasa Sunda (Sumarsono, 2007).

3.2. Rarancang Panalungtikan

Dina ieu bagian dipedar kumaha rarancang katut galur panalungtikan nu dilaksanakeun. Aya opat hal poko nu jadi puseur ulikan dina ieu panalungtikan, nya éta: (1) ajén-inajén kaislaman nu aya dina paribasa Sunda, (2) aspék aqidah, syariah, jeung ahlak dina paribasa Sunda, (3) atikan karakter dina paribasa Sunda nu gandung ajén-inajén ka-Islaman, jeung (4) bahan ajar basa jeung sastra Sunda berbasis karakter budaya bangsa jeung agama di SMP.

3.1. Bagan Rarancang Panalungtikan.



Bahan pangajaran basa & sastra
Sunda *berbasis* karakter



Kacindekan

3.3. Metode Panalungtikan

Ieu panalungtikan maké métode *deskriptif-analitis* anu kagolong kana wanda panalungtikan *kualitatif* atawa sok disebut ogé *naturalistik* sabab ieu panalungtikan dilaksanakeunn dina kondisi alamiah, aya ogé nu nyebut metode *etnografi* sabab miangna ieu metodeu tina panalungtikan antropologi budaya. Sacara umum ieu panalungtikan sipatna *kualitatif* ku sabab data nu dikumpulkeun katut analisis datana sacara kualitatif (Sugiono, 2008:8).

Metodeu panalungtikan kualitatif didadasaran ku filsapat *postpositivisme* nu sering disebut *paradigma interpretif* jeung *konstruktif*, nu nganggap yén *réalitas* sosial mangrupa hal nu *holistik* atawa gembleng, kompleks, dinamis, pinuh ma'na, jeung sipat hubungan gejala *interaktif*. Obyék panalungtikan sipatna alamiah, nya éta obyek nu tumuwuh tur mekar saayana, teu dirékayasa ku panalungtik jeung ayana panalungtik teu mangarauhan kana dinamika obyek kasebut. Instrumén dina panalungtikan kualitatif nya éta manusa (*human instrument*), dina hal ieu nya éta panalungtik sorangan.

Métodeu kualitatif dipaké pikeun meunangkeun data nu nyosok jero, data nu ngandung ma'na sabab ma'na mangrupa daya panalungtikann nu sabenerna. Ku kituna, data nu pasti mangrupa wangun ajén- inajén nu aya di satukangeun data nu nonggérak. Éta hal nu ngalantarankeun panalungtikan kualitatif teu nekenkeun kana kacindekan tapi leuwih nekenkeun kana ma'na. Generalisasi dina panalungtikan kualitatif disebut *transferability* (Sugiyono, 2008: 8-9).

Sakumaha anu geus disebutkeun di luhur, ieu panalungtikan miboga sifat *déskriptif-analitis*. Unsur-unsur anu didadarkeunana nya éta: (1) ajén-inajén ka-Islaman dina paribasa Sunda, (2) aspék aqidah, syariah, jeung ahlak dina paribasa Sunda, (3) ajén-inajén atikan karakter dina paribasa Sunda nu ngandung ajén-inajén ka-Islaman, jeung (4) bahan ajar basa jeung sastra Sunda *berbasis* karakter budaya bangsa jeung agama.

Achmad Sopian Effendi, 2014

Ajén-inajén Kaislamana Dina Paribasa Sunda Pikeun Mekarkeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Berbasis Karakter Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.4. Wangenan Operasional

Ieu panalungtikan miboga judul “ Ajén-inajén Kaislaman dina Paribasa Sunda pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda *Berbasis Karakter* di SMP ” nu tujuanana pikeun meunangkeun ajén-ajén atikan karakter islami tina paribasa Sunda pikeun dijadikeun sumber bahan pangajaran basa Sunda di SMP. Pikeun nyingkahan salah tafsir jeung salah sasaran, dina ieu panalungtikan didadarkeun sababaraha wangenan istilah sacara operasional.

a. Ajén-inajén Kaislaman

Ajén-ajén kaislaman nu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta *sistim nilai* nu aya dina ajaran Islam sacara umum (hukum syara, étika, logika, éstétika, jsb.) Éta ajén-ajén atawa niléy kaislaman ngababon kana dua sumber hukum utama , nya éta Al-Qur’an jeung Al-Hadist. Ajén –inajén kaislaman mangrupa intipati ajaran Islam. Ku kituna perlu dipernahkeun dina 3 poko ajaran Islam, nya éta (1) aqidah, (2) syariah, jeung (3) ahlak.

b. Paribasa Sunda

Paribasa Sunda nu dimaksud di dieu nya éta salahsahiji pakeman basa nu aya dina basa Sunda. Istilah paribasa dina basa Indonesia disebut *peribahasa*, atawa *proverb* dina basa Inggris. Dina pamarekan kabasaan, paribasa sok diréndéngkeun jeung babasan. Sok sanajan kitu dina ieu panalungtikan ukur nalungtik perkara paribasa, teu kaasup nalungtik perkara babasan ku sabab miboga karakter nu béda.

Jadi nu dimaksud paribasa dina ieu panalungtikan nya éta pakeman basa nu runtuyan kecap-kecapna geus puguh éntép seureuhna teu bisa dirobah atawa ditambahan jeung dikurangan sarta miboga harti atawa ma’na nu jero mangrupa naséhat atawa wawaran luang pikeun masarakat pamakéna.

c. Bahan Pangajaran Basa Sunda

Bahan pangajaran nya éta rupa-rupa perkara nu dipersiapkeun atawa dirarancang kalayan sistematis pikeun dijadikeun materi pangajaran di sakola. Bahan pangajaran atawa *learning material* mangrupa materi ajar nu dibungkus

Achmad Sopian Effendi, 2014

Ajén-inajén Kaislaman Dina Paribasa Sunda Pikeun Mekarkeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Berbasis Karakter Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dina rupa bahan nu ditepikeun dina prosés diajar. Bahan pangajaran dina prak-prakanana mangrupa dadaran nu eusina ngeunaan fakta-fakta, prinsip-prinsip, norma, nu raket pakaitna jeung perkara aturan, ajén-inajén, jeung sikep, sarta sapuratining kaparigelam motorik. Ku kituna eusi bahan pangajaran dina enas-enasna mangrupa pangaweruh, ajén-inajén, sikep, tindakan jeung kaparigelan nu eusina amanat, informasi, jeung ilustrasi nu mangrupa fakta, konsep, prinsip, jeung proses nu diarahkeun pikeun ngahontal tujuan pangajaran.

Dina ieu panalungtikan bahan pangajaran nu dimaksud nya éta bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda sunda di SMP.

d. Atikan Karakter

Atikan karakter nu dimaksud nya éta atikan nu udaganana pikeun numuwuhkeun sikep, tabé'at, jeung ahlak nu mulya ka para siswa di sakola ngaliwatan *internalisasi* ajén-inajén moral linuhung sangkan maranéhna mikanyaho, maham, jeung ngabiasakeun diri milampah kalakuan nu hadé, alus, mangpaat keur kahirupan dirina, lingkunganana, bangsa, jeung agamana.

3.5. Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan mangrupa alat pikeun ngumpulkeun sarta ngolah sumber data. Pikeun ngumpulkeun data diperlukeun ayana instrumen paranti ngumpulkeun éta data. Ku kituna luyu jeung tehnik nu dipaké dina ieu panalungtikan, alat atawa instrumen nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta dina wangun kartu data.

Kartu data dipaké pikeun ngawincik, ngolah, katut nganalisis sumber data nu wangunna mangrupa paribasa Sunda pikeun meunangkeun data panalungtikan tina buku-buku paribasa Sunda nu geus ditangtukeun. Dina éta kartu data kaunggel hal-hal sarupa kieu di handap.

- 1) Sumber data mangrupa paribasa Sunda nu nomerna disusun sacara alpabetis;
- 2) Harti jeung ma'na paribasa
- 3) Tafsiran sumber data
- 4) Analisis :

Achmad Sopian Effendi, 2014

Ajén-inajén Kaislamana Dina Paribasa Sunda Pikeun Mekarkeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Berbasis Karakter Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. ungkara ayat qur'an jeung atawa hadist luyu jeung ma'na paribasa;
- b. katégori poko-poko ajaran Islam (aqidah, syariah, jeung ahlak);
- c. ajén-inajén karakter nu kakandung

Sacara jelas bisa kagambarkeun dina conto ieu kartu data di handap.


KARTU DATA

(7) Ari umur tunggang gunung, angen-angen pecat sawed. (D: 5)

Harti : Ari umur geus kolot, kahayang cara nu ngora

Tafsir/Maksud: (1) Paribasa nu nuduhkeun kalakuan (goréng/kurang pantes) jalma nu geus kolot umurna tapi boga kahayang (ditunjukkeun ku kalakuanana) kawas budak ngora. Wawaran luang nu eusina naséhat sangkan jalma kudu mawas diri, ngukur umur jeung kalakuan awak sakujur

ANALISIS :

» Ajén - **Al-Qur'an** : 

Kaislaman:

Hé jalma-jalma anu airman, tarakwa anjeun ka ka Alloh jeung **perhatikeun tiap-tiap diri** maranéh kana perkara nu geus dipilampah pikeun bekel poé isuk (ahérat). jeung tarakwa maranéh ka Alloh, saéstuna Alloh Mahauninga naon-naon nu dipilampah ku maranéh (Q.S. Al-Hasyr : 18).

- **Al-Hadist** : *" cinta ka lemah cai bagian tina kaimanan "* (HR.)

» Kategori : **a. akidah** **b. syari'ah** **Ⓒ. ahlak**

» Ajén

Karakter : **Mawas diri.**

3.6. Téhnik Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data perlu téhnik jeung prosedur nu luyu jeung kaperluan ngumpulkeun data panalungtikan. Sababaraha téhnik jeung prosedur

Achmad Sopian Effendi, 2014

Ajén-inajén Kaislaman Dina Paribasa Sunda Pikeun Mekarkeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Berbasis Karakter Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngumpulkeun data nu baris dipaké dina ieu panalungtikan didadarkeun ieu di handap.

Dina ieu panalungtikan dipaké tilu téhnik ngumpulkeun data, nya éta (1) téhnik studi pustaka, (2) téhnik intuisi, jeung (3) téhnik elisitasi.

a. Tehnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka disebut ogé studi *bibliografi* dipaké pikeun maluruh jeung ngumpulkeun sumber data paribasa Sunda tina sababaraha buku. Ngaliwatan téhnik teks sarupa kitu paribasa Sunda katut harti atawa ma'nana dikumpulkeun, ditataan hiji-hijina.

b. Téhnik Intuisi atawa Introspeksi

Ieu téhnik *introspeksi* dipaké pikeun ngajaring data jeung informasi tina kaweruh panalungtik sorangan nu dina ieu situasi salaku informan. Satulunya data nu kajaring ti panalungtik samodél kitu disebut data *intuitif* atawa data *introspektif*. Éta hal dilaksanakeun ku sabab panalungtik sorangan salaku urang sunda pituin sarta ngagem agama Islam nu saeutik lobana mikaweruh kana seuhseuhan paribasa Sunda, kitu deui mikanyaho bagbagan agama Islam .

c. Téhnik *Elisitasi*

Upaya pikeun meunangkeun data nu *acceptable* mangka dipaké téhnik *elisitasi* pikeun nguji jeung ngakurkeun data nu geus dikumpulkeun ngaliwatan téhnik intuisi. Éta data satulunya disodorkeun ka *native speaker* lian ti diri panalungtik supaya kacék akur henteuna pamanggih panalungtik jeung urang sunda nu liana dina nafsirkeun ma'na nu aya dina tiap-tiap paribasa nu dijadikeun data panalungtikan .

Runtuyan kagiatan ngumpulkeun data panalungtikan luyu jeung téhnik-téhnik panalungtikan nu didadarkeun di luhur. Ku kituna, moboga panta-panta prosedur sarupa kieu:

- a. Nangtukeun sumber data nu mangrupa paribasa Sunda tina sababaraha sumber tinulis;
- b. Nangtukeun harti jeung tafsiran masing-masing paribasa kasebut;

- c. Nangtukeun ayat-ayat Al-Qur'an jeung atawa Hadist Rosul nu luyu jeung masing-masing paribasa kasebut;
- d. Ngatur data sacara alpabetis;
- e. Nganomeran jeung ngodeuan data.

3.7. Analisis Data

Satutas data-data panalungtikan ngumpul, léngkah satuluyna nya éta analisis data. Data nu aya satuluyna dianalisis, didéskripsikeun, jeung ditafsirkeun luyu jeung téhnik jeung prosedur nu tangtu.

Metode nu dipaké pikeun napsirkeun paribasa Sunda nya éta metodeu *hermeneotik*. Sacara étimologi istilah *hermeneotik* asalna tina basa Yunani *hermeneuein* nu hartina 'napsirkeun'. Kecap barangna *hermenesia* sacara harfiah hartina 'tapsiran' atawa 'interpretasi'. Hermeneutik mangrupa prosés ngarobah hiji perkara atawa situasi tina kaayaan teu apal jadi ngarti (Sumaryono, 1999: 24-23).

Analisis data paribasa Sunda dilaksanakeun sacara langsung ku cara nengetan identitas kecap-kecap katut ma'na nu ngawanguna. Paribasa Sunda nu miboga gejala nu sarua dikumpulkeun jadi hiji kelompok, sedengkeun paribasa nu gejalana béda dipisahkeun asup kana kelompok nu liana nepi ka mernah dina tempat wincikanana sewang-séwangan.

Palmer, (2003: 15-36) yén aya tilu wangun harti hermeneuein nu ngagambarkeun proses analisa hermeneutika, nya éta (1) hermeneuein nu hartina "to say" atawa nyaritakeun, (2) hermeneuein nu nuduhkeun harti "to explain", nekenkeun aspek pemahaman diskursif, (3) hermeneuein nu hartina "to translate" nu sarua jeung "to interpret" atawa napsirkeun atawa nerjemahkeun nu mangrupa wangun husus tina prosés interpretasi dasar "mawa hiji perkara pikeun dipahami". Jadi, nalika hiji teks aya dina bahasa nu macana, pagilinggisik antara dunia teks jeung nu maca bisa ngajauhkeun perhatian.

Ku kituna prosés analisis hermeneutika sakurang-kurangna diwangun ku tilu tahap analisis nya éta proses maca teks, ngahartikeun atawa ngama'naan, terus méré penafsiran teks.

Sumber data (paribasa Sunda) nu ditalungtik dipahami heula hartina, satuluyna didadarkeun ma'nana, dijelaskeun maksudna, terus diinterpretasikeun dina kontéks pasualan nu keur ditalungtik luyu jeung tujuan-tujuan panalungtikan.

Ngolah data panalungtikan dilaksanakeun ngaliwatan panta-panta saperti kieu di handap.

- a. Ngaruntuykeun kabéh paribasa Sunda sacara alpabetis.
- b. Nerjemahkeun (harti), ngama'naan, ngajelaskeun maksud, jeung napsirkeun hiji-hijina paribasa Sunda.
- c. Masangkeun ayat-ayat qur'an atawa hadist nu luyu jeung eusi (ma'na) masing-masing paribasa.
- d. Ngawincik tur milah-milah paribasa Sunda nu ngandung ajén-inajén kaislaman kana tilu poko ajaran Islam, nyaéta:
 - 1) aqidah;
 - 2) syariah; jeung
 - 3) ahlak.
- e. Nganalisis ajén-inajén karakter nu aya dina pribasa nu ngandung ajén-inajén kaislaman.
- f. Nyieun bahasan panalungtukan
- g. Nyieun modél bahan ajar basa jeung sastra Sunda *berbasis* karakter budaya bangsa jeung agama Islam tina hasil panalungtikan.
- h. Nyieun kacindekan jeung saran tina hasil panalungtikan.